**Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Специальная (коррекционная) общеобразовательная школа-интернат**
**для слепых и слабовидящих имени В.Ш.Дагаева»**

**Приложение 1**
**к АООП ООО**

**Утверждаю**
Директор ГБОУ «С(к)ОШИСС имени В.Ш.Дагаева»
_______________ / Ч.А.Гайрабеков/

Приказ № 79 от _31 08_ 2023 г.

# Фонд оценочных средств
# по учебным предметам
# основного общего образования
# 5-10 классы
# (слепые и слабовидящие)

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат: 009470AE819E71EA668F10AD13E22CE63E
Владелец: ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ "СПЕЦИАЛЬНАЯ (КОРРЕКЦИОННАЯ) ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА-ИНТЕРНАТ ДЛЯ СЛЕПЫХ И СЛАБОВИДЯЩИХ ИМЕНИ В.Ш. ДАГАЕВА"
Действителен: с 07.03.2023 до 30.05.2024

**Фонд оценочных средств**
**по учебному предмету «Чеченская литература»**
**5-9 классы**
**(слепые)**

Составители:
Сулейманова Субар Сайдхасановна
Байтулаева Асма Самрудиновна

г. Грозный
2023/2024

## Паспорт фонда оценочных средств

Данный фонд оценочных средств разработан для 5-9-х классов «ГБОУ С(к)ОШИСС им. В.Ш. Дагаева», по учебному предмету «Чеченская литература» (для слепых) и соответствует Федеральному государственному образовательному стандарту для детей с ОВЗ, учебному плану школы, рабочей программе учебного предмета, реализуемым в соответствии с ФГОС ООО, образовательным технологиям, используемым в преподавании данного учебного предмета для слабовидящих.

Оценочные средства разработаны для проверки качества формирования знаний, умений, навыков (УУД) на этапе входного и итогового контроля и являются действенным средством не только оценки, но и обучения.

Структурными элементами фонда оценочных средств являются комплекты контрольно-оценочных средств, разработанных по данному учебному предмету.

*Целями* разработки и использования фонда оценочных средств являются:

-оценка качества образования по учебному предмету;

-обеспечение сопоставимости образовательных достижений, обучающихся зависимости от условий образовательного процесса

-выявление пробелов в знаниях, обучающихся и своевременная корректировка их индивидуального обучения;

-определение эффективности организации образовательного процесса в школе.

При подготовке оценочного материала для слепых необходимо использовать:

1.Шрифт Брайля

2.Альбом с барельефным и рельефным изображением. (Автор Б.К. Тупоногов)

## Критерии оценивания различных видов оценочных средств

Для выявления и сравнения результата учебной деятельности с требованиями, которые задаются данной программой, будет проводится контроль знаний и умений учащихся. Основная цель контроля состоит в обнаружении достижений, успехов учащихся, через призму которых рассматриваются недостатки в осуществлении учебной деятельности, пробелы в знаниях; в указании путей совершенствования, углубления знаний, умений учащихся.

Контроль знаний учащихся осуществляется в виде:

1. Проверочных работ - используются при фронтальном, текущем и итоговом контроле с целью проверки знаний и умений учащихся по достаточно крупной и полностью изученной теме программы;
2. Устного опроса – проводится преимущественно на первых этапах обучения, когда требуется систематизация и уточнение знаний учащихся;
3. Тестов – задания свободного выбора ответа и задания, где ввод определенным образом ограничен. Тесты дают точную количественную характеристику не только уровня достижения учащегося, но также могут выявить уровень общего развития; умения применять знания в нестандартной ситуации, находить способ построения учебной задачи.

**Эталон критериального оценивания**
**разных форм тестовых заданий**

| | Формы тестовых заданий и их параметры | оценивание |
|---|---|---|
| | Выбор одного варианта ответа из предложенного множества | 1 балл |
| | Выбор нескольких верных вариантов ответа из предложенного множества | Максимально – 2 балл |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой (одного неверно указанного, или одного недостающего варианта, или лишнего наряду с верными вариантами) | 1 балл |
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| | Задания на установление соответствия | Максимально – 2 балл |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой (одного неверно указанного, или одного недостающего варианта, или лишнего наряду с верными вариантами) | 1 балл |
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| | Задание на установление правильной последовательности | максимально – 2 балл |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой | 1 балл |
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| | Задание на заполнение пропущенного ключевого слова (открытая форма задания) | максимально – 2 балла |
| | без ошибок | 2балла |
| | выполнение задания с одной ошибкой | 1 балл |
| | 2 и более ошибки | 0 баллов |
| | Задание на классификацию материала (н-р, распределение слов по частям речи в столбцы или строки таблицы) | Максимально – по количеству категорий |
| | за каждую верно заполненные столбец или строку таблицы | 1 балл |
| | Графическая форма тестового задания | |
| | *Индивидуально для каждого предмета* | |

**Эталон перевода баллов в оценки**

| 86% - 100% | 60% - 85% | 34% - 59% | 0% - 33% |
|---|---|---|---|
| **«5»** | **«4»** | **«3»** | **«2»** |

*Например:*

8 баллов из 50 баллов;

100:50*8= 16%

**Мах хадоран г1ирсийн фонд (МХГ1Ф)**

**Нохчийн литература**
**5 класс**

**Тест №1**
**(1-ра вариант)**

**1. Нохчийн халкъан барта кхоллараллин жанраш йу:**
1) дийцарш, статьяш;
2) стихаш, поэмаш;
3) хIетал-металш, иллеш;
4) пьесаш, романаш.

**2. Туьйранаш хуьлу:**
1) исторически;
2) биографически;
3) этнографически;
4) инзаре-тамашийна.

**3. Хин – тIай, некъан – накъост.**
ХIокху хIетал-металан нийса жоп билгалдаккха:
1) говр;
2) Iаса;
3) ворда;
4) пIаьлдиг.

**4. – ГIайгIа ма йелахь, сан хьоме да. Дукха хан йалале, могаш-маьрша а долуш, со йуха цIа кхочур ду хьуна. Сан тIомах йаккхий кхо мас, догIа а тохий, хьайн тIорказ чу дIайилла.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:
1) «Кхо ваша».
2) «Хьекъал долу йоI а, лулахо а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Доьшуш хилла кIант».

**5. Диалог олу:**
1) цхьамма дечу къамелах;
2) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
3) дуьйцуш волчуьнга ладогIарх;
4) шен къамелехь масалш далорах.

**6. – ХIинца хьан дола бели со. Хьо холчу а хIоьттина, соьгара гIо эшна, со хьашт ма-хиллинехь, хIара мерз багор ахьа, со тIекхочур бу хьуна.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:

1) «Кхо ваша».
2) «Кхо ваша а, саьрмак а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Доьшуш хилла кIант».

**7. Даима стигала хьоьжуш йерг.**

ХIокху хIетал-металан нийса жоп билгалдаккха:

1) мунда;
2) туьнкалг;
3) борз;
4) кIудал.

**8. Нийсачу йа тардинчу маьIнехь долу дош йа къамелан алар ду:**

1) аз;
2) байт;
3) мукъам;
4) троп.

**9. «Барзо Iахарца мохк къовсар» туьйранахь барзо тоьшаллина далийнера:**

1) жIаьла;
2) цхьогал;
3) цIоькъалом;
4) куьйра.

**10. Туьйра «Майра к1ант Сулима» йаздина:**

1) Мусаев М.М.;
2) Исмаилов А.Т.;
3) Саидов Б.С.;
4) Гацаев С.А.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 4 | 1 | 3 | 2 | 1 | 2 | 4 | 2 | 3 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**(2-г1а вариант)**

**1. Нохчийн халкъан барта кхолларалин жанраш йу:**

1) очеркаш, дийцарш;
2) стихаш, поэмаш;
3) х1етал-металш, кицанаш;
4) повесташ, романаш.

**2. «Тамашийна олхазар» туьйранан автор ву:**

1) Саидов Билал;
2) Мусаев Мохьмад;
3) Исмаилов Абу;
4) халкъ.

**3. Къамелехь адамийн синхаам кIарг а беш, хIума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучух олу:**

1) эпитет;
2) дерзор;
3) дустар;
4) метафора.

**4. Инзаре а, тамашийна а хиламийн хьокъехь халкъо хаздина кхоьллина дийцарш ду:**

1) аларш;
2) кицанаш;
3) тидамаш;
4) туьйранаш.

**5. Диалог олу:**

1) цхьамма дечу къамелах;
2) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
3) дуьйцуш волчуьнга ладогIарх;
4) шен къамелехь масалш далорах.

**6. Туьйранаш хуьлу:**

1) исторически;
2) биографически;
3) этнографически;
4) инзаре-тамашийна.

**7. Цхьа хан йаьллачу хенахь хIара кхо к1ант шайн ден коша тIе эха воьлла. Иштта хIорш лелаш, шайн дена доьгIна туьхан чурт жимлуш хилар хааделла кIенташна.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:

1) «Доьшуш хилла кIант».
2) «Барзо Iахарца мохк къовсар».
3) «Кхо ваша».
4) «Тамашийна олхазар».

**8. Нийсачу йа тардинчу маьIнехь долу дош йа къамелан алар ду:**

1) троп;

2) забар;
3) хабар;
4) байт.

**9. Кхетам луш долу доца аларш ду:**
1) байташ;
2) кицанаш;
3) туьйранаш;
4) дийцарш.

**10. «Чкъоьрдиг» туьйранан автор ву:**

1) Саидов Б.С.;
2) Мусаев М.М.;
3) Гацаев С.А.;
4) Исмаилов А.Т.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 4 | 1 | 4 | 2 | 4 | 3 | 1 | 2 | 3 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**Тест №2 (1-ра вариант)**

**1. Нохчийн халкъан барта кхоллараллех олу:**
1) дийцар;
2) алар;
3) лексика;
4) фольклор.

**2. Мамакаев 1.Ш. вина:**
1) 1918-1958;
2) 1920-1980;
3) 1922-1995;
4) 1922-1978.

**3. «Кегий йийсарш» дийцаран автор ву:**
1) Саидов Билал;
2) Мусаев Мохьмад;
3) Гайсултанов 1.Э.;
4) Гацаев СаьIид.

**4. Хьанна лерина йу «Борз йу уг1уш» стихотворени?**
1) Ахматова Раисина;

2) Саракаев Хьамзатана;
3) Муталибов Зайндина;
4) Мамакаев Мохьмадна.

**5. Оха шух дозалдо, к1ентий, /Парг1ато аш йелла тхуна./Г1ийлачийн хилла вежарий,/Х1ора шух хьоме ву суна.**

ХIара мог1анаш муьлхачу стихотворенера ду, мила ву автор:
1) Муталибов З. «Доттаг1алла»
2) Сулейманов А. «Борз йу уг1уш»
3) Ахматова Р. «Лийрбоцурш».
4) Сулаев М. «Ламанан хи».

**6. Саракаев Хь. «Баьпкан чкъуьйриг» произведенин жанр билгалйаккха:**
1) роман;
2) повесть;
3) очерк;
4) дийцар.

**7. «Баьпкан йуьхк» стихотворенин автор ву:**
1) Арсанукаев Ш.А.;
2) Кагерманов Д.Д.;
3) Окуев Ш.Х.;
4) Сатуев Хь.Д..

**8. – Хьуна дика дийцарг,**
**Диканца хьо вахарг, –**
**Олий, доладора**
**Зарийата хабар.**
ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:
1) «Майра кIант Сулима».
2) «Кхо ваша».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Чкъоьрдиг».

**9. Фольклор халкъан хьекъал бохург ду:**
1) оьрсийн маттахь;
2) нохчийн маттахь;
3) гIалгIайн маттахь;
4) ингалсан маттахь.

**10. «Сан хьоме Нохчийчоь» стихотворенин автор ву:**
1) Окуев Ш.Х.;

2) Гацаев СаьIид;
3) Мусаев Мохьмад;
4) Саидов Билал.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 4 | 1 | 3 | 4 | 3 | 4 | 1 | 1 | 4 | 1 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**(2-г1а вариант)**

**1. Нохчийн халкъан барта кхолларааллин жанраш йу:**
1) пьесаш, повесташ;
2) стихаш, поэмаш;
3) кицанаш, туьйранаш;
4) дийцарш, романаш.

**2. Монолог олу:**
1) цхьамма дечу къамелах;
2) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
3) кхаамма дечу къамелах;
4) дуккха а адамаша дечу къамелах.

**3. Цул тIаьхьа генарчу ирзу тIехь гулделлера гIайре тIера дерриг а сешлахь тоьлла тхьамданаш. Кхеттачу беттасехь дика къаьстара гу тIе а баьлла къамел деш болу Кура Сай.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:
1) «ЦIен маьхьси».
2) «Кхо ваша а, саьрмак а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Бирдолаг».

**4. Букарчу т1лг1ешца керчадеш чхернаш,/Х1аваэ хьалакхуьйсуш жовх1арийн тхи,/ Ша х1орде сихделла, хедадеш лаьмнаш,/Хаьхкина охьадог1у ламанан хи.**

**Мила ву х1окху мог1анийн автор?**
1) Муталибов З.А.;
2) Сулейманов А.С.;
3) Гайсултанов 1.Э.;
4) Сулаев М.М.

**5. 1.Гайсултановн «Кегий йийсарш» дийцарехь коьрта турпалхо мила ву?**

1) Г1ойсам;
2) Ханпаш;
3) Зайнди;
4) 1али (Александр)

**6. Кица къамелан … ду:**

1) шекар;
2) моз;
3) даьтта;
4) туьха.

**7. Дехха дийцинчул тIаьхьа: «Кхечунна даькkхинчу ор чу ша ца ваха амал дац бохург ду тIаьхххьара а хьох гIон дерг», – аьлла, шен къамел чекх а даькkхина, катоьхна борз схьалецира дарбанна сихделлачу лоьмо.**

ХIара дешнаш хIокху туьйранера ду:

1) «ЦIен маьхьси».
2) «Кхо ваша а, саьрмак а».
3) «Тамашийна олхазар».
4) «Майра кIант Сулима».

**8. «Чкъоьрдиг» туьйранан автор ву:**

1) Саидов Билал;
2. Мусаев Мохьмад;
3. Исмаилов Абу;
4) Гацаев СаьIид.

**9. Кагерманов Доккин «ДоттагIалла» дийцар тIехь шегара ледарло йалийтира:**

1) Хьамзата;
2) Халида;
3) Новраза;
4) Хьамида.

**10. «Малх чубаре хьоьжура иза» дийцар т1ехь билгалйаьккхина хан муьлха йу?**

1) Хьалхалера хан.
2) къам махкахдаьккхина хан.
3) Т1ом д1абирзина хан.
4) Т1ом болу хан.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | | «5» | «4» | «3» | «2» |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | |

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3 | 1 | 4 | 4 | 4 | 4 | 1 | 4 | 3 | 2 | | 14-15 | 10-13 | 7-9 | 1-6 |

**6 класс**

**Тест №1**
**Вариант 1**

**1. Эвтархойн Ахьмадан илли (Х1ун 1алашо йолуш араваьлла хилла Эвтархойн Ахьмад?) д1айазде**

______________________________________________

**2. Г1енахьа х1ун гира Эвтархойн Ахьмадна?**
а) Хаза маьлхан з1аьнарш;
б) Шийла, сирла шовданаш;
в) Г1алаг1азкъичун гило шен гила чехош.

**3. Гермачигара Наьрташ дийцарехь йуьртарчу наха Гермачигара наьрташ ара муха баьхна?**
а) йуург ца йоуьйтуш;
б) Т1ом бина, кхерийна;
в) Наьрташна т1е дог1у хи д1асацийна.
**4. Наьрт - аьрстхой кхерор дийцарехь хьан кхерийра наьрт-аьрстхой?**
а) паччахьан эскаро;
б) воккхачу стага;
в) кегийчу наха.
**5. Гайсултанов 1умаран дахаран шераш хилла ...**
а) 1920 - 1979;
б) 1918 - 1958;
в) 1903 -1948.
**6. Гайсултанов 1умаран "Нийса кхел" ц1е йолчу дийцаран коьртачу турпалхочун ц1е йара ...**
а) Дика;
б) Дикалг;
в) Дикбер.
**7. «Нийса кхел» дийцарехь Дикалгира даьллачун нийса кхел хьан йира?**
а) Моллас;
б) Йалхочо;
в) Йуьртарчу наха.

**8. Мила ву х1окху мог1анийн автор?**
***"Хьаша вац со маьхан хьаьттахь, йистера б1аьрг тоха веъна.***
***Со вага веъна кху лаьттахь, охане довха дог тесна ..."***
а) Сатуев Хьусайн;

б) Рашидов Шаид;
в) Эдилов Хас-Мохьмад.
**9. Маца муьлхачу йуьртахь вина Сатуев Хьусайн?**
а) 1919-чу шарахь 1алхан-Г1алахь;
б) 1929-чу шарахь 1алхан-Чуртахь;
в) 1939-чу шарахь 1алхан-ЙУьртахь.
**10. Сатуев Хьусайна йазьйинчу басни ц1е д1айазъе**

______________________________________________

**Вариант 11**
**1. Ошаев Халид вина:**
а) 1898-1977
б) 1909-1972
в) 1920-1999
**2. «Чайра» дийцарехь Мохьмад мичара ц1а вог1уш хилла?**
а) Москва;
б) Казахстан;
в) Пермь.
**3. Х1ун бахьана дара Мохьмад а, цуьнан доьзал а Казахстане 1ер?**
а) Балха бахана;
б) Сакъера бахана;
в) Сибрех бахийтина.
**4. Муьлхачу хенахь д1абохийна вайн нах Сибрех?**
а) 15 февраль 1945;
б) 23 февраль 1944;
в) 13 март 1946.
**5. Муьлхачу йуьртара вара Мохьмад?**
а) Шуьйтара;
б) Г1алара;
в) Лакха –Ч1инха.
**6. Муьлхачу произведени йукъара ду х1ара мог1анаш, мила ву автор?**
***...Къеначу ден- ненан ша цхьаъ бен воцуш,***
***Цу йуьртахь кхуьура хьамсара к1ант:***
***Бахамо, цамгаро лацарна кхоьруш,***
***Цунна т1е хьийзара нана ц1е ерг:***
а) Рашидов Шаид " Даймохк"
б) Сайдуллаев Хьасан "Ненан б1аьрхиш"
в) Сулаев Мохьмад "К1анте"
**7. Х1ун совг1аташ дина хилла к1антана дас-нанас?**
а) Дин, т1еман барзакъ;
б) Машен;
в) коч, мачаш.

**8. Нохчийн хьакъволу поэтан Мамакаев 1аьрбин дахаран шераш хилла.**

а) 1928-1968;

б)1918-1958;

в)1908 1948.

**9. Муьлхачу шарахь дуьйна йовза йолаелира Нохчийчохь поэзи езархошна Мамакаев 1аьрбин ц1е?**

а) 1936 - чу шарахь;

б) 1934 - чу шарахь;

в) 1938 - чу шарахь.

**10.Муьлхачу шарахь зорба туьйхира Мамакаев 1аьрбин дуьххьарлерчу поэмийн, стихийн сборникна, х1ун йара цуьнан ц1е?**

а) 1940-чу шарахь «Теркан тог1е»;

б) 1938-чу шарахь «Даймахке».

в) 1934-чу шарахь.

**Тест №2**

**Вариант 11**

**1.Саракаев Хьамзат вина шо:**

А) 1927-2013;

Б) 1933-2010;

В) 1922-2008.

**2. «Ирсе б1аьрхиш» ц1е йолчу дийцарехь болчу турпалхойн ц1ераш д1айазъе:**

____________________________________________________________

**3.«Ирсе б1аьрхиш» дийцарехь Ахьъйад йуьрта х1ун дан воьдуш вара?**

а) Самукъадаккха;

б) Гергарчу нахе хьошалха;

в) Лоьран болх бан.

**4. Легашка шад х1оьттира бохучу фразеолагизман маь1на даста**

________________________________________________________

**5. Х1окху дешнийн автор мила ву?**

Цецдевллера тахана тхо –
Х1ун ду-теша х1ара?
Самукъане тхан хьехархо
Сингаттаме вара.

а) Махмаев Ж.М

б) Нунуев С.-Хь.

в) Мамакаев Э.

**6. Меттан суртх1отторан г1ирс-фразеологизм шеца йолу предложени билгалъйаккха.**

а) Йуххе деана цхьа а адам доцуш, ч1ерий дайнера.

б) Иза йамарта олхазар делахь а, шаьшшингахь адамалла хиларе терра, де доьхгачу ч1ег1агах къахийтира цу шинна.

в) Кхуьнан бенахь гуш дерш вайшинна ч1ерий ду моьттуш ву-кх со, -элира Махьмас.

**7.Меттан суртх1отторан г1ирс-дустар шеца долу предложени билгалъйаккха.**

а) Эццахь еана схьаиккхин, хьуна, цхьа къона зуда.

б) Ц1ахь кегий бераш дара сан, царна сагатделла йоьдура со.

в) –Иштта аса ца кхетийча, х1ун дан воллура хьо?- шен иштта а т1е даьлла ге кхин т1е а даьккхина, вусавелла, борг1ал санна, д1ах1оьттира важа.

**8.Меттан суртх1отторан г1ирс-метафора шеца йолу предложени билгалъйаккха.**

а) Сов муьста хилахь-наха охьатосур ву, т1ех мерза хилахь-верриг д1акхоллур ву.

б) Ма кхералахь, со ледара хир вац хьуна.

в) 1ожаллех ларло, амма мак хера.

**9. «Къона» бохучу дашна синоним йалае___________________**

**10. «Хьарам» бохучу дашна антоним йалае__________________**

**Нохчийн литературин йоьалг1ачу чийрикан талламан болх (Тест№ 4).**

**Вариант 11**

**1. Литературин произведенехь исбаьхьчу дешнашца х1оттийначу 1аламан суьртах х1ун олу?**

а) сюжет;

б) кульминаци;

в) пейзаж.

**2. Нунуев С.-Хь. вина шо:**

а) 1952; б)1956; в) 1958

**3. «Х1орд» стихотворенин автор мила ву?**

а) Рашидов Шаид

б) Мамакаев Эдуард

в) Сулаев Мохьмад

**4. Бексултанов Муса вина шо:**

а) 1950;

б) 1961;

в) 1954.

**5. Бексултанов М. «Некълацар» дийцар йуккъера воккхачу стеган ц1е муха йара?**

а) Зеламха

б) Дерказ

в) Ахьъяд

**6. Халкъан барта кхолларallina йуккъе х1ун ца йог1у?**

1) кицанаш; 2) х1етал-металш; 3) туьйранаш; 4) стихотворенеш.

**7. Къамелехь адамийн синхаам к1арг а беш, х1ума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучух х1ун олу?**

1) эпитет; 2) эпиграф; 3) эпилог.

**8. Латтамаш схьа а карабай, к1ел сиз хьакха:**

*Б1ешераш хьалха цу ломахь*
*Хилла ду дуьйцуш дерг вай.*
*Г1елонехь даьхначу къоман*
*Дахар а хилла дац дайн.*

**9. Фольклор х1ун йу?**

а) цхьаммо аьлла дешнаш ду;

б) поэзи йу;

в) халкъо барта кхоьллинна исбаьхьаллин произведенеш йу;

**10. Гайсултанов 1умаран нохчийн барта кхолларалле безам кхоьллира:**

а) дас диначу весеташа;

б) нахе дукха ладег1аро;

в) денанас дийцинчу туьйранаша;

г) нохчийн 1адаташа.

**7 класс**

**Тест №1**

**Вариант 1**

**3. Нохчийн халкъан барта кхолларallin жанраш йу:**

5) дийцарш, статьяш;

6) стихаш, поэмаш;

7) хIетал-металш, иллеш;

8) пьесаш, романаш.

**2. Х1ума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучу суртх1отточу г1ирсах олу:**

1) пейзаж;
2) аллегори;
3) эпитет;
4) олицетворени.

**3.** ***Даима стигала хьоьжуш ерг.***

ХІокху хІетал-металан нийса жоп билгалдаккха:

5) мунда;
6) туьнкалг;
7) борз;
8) кІудал.

**4.** ХІокху кицанехь тІадамийн метта маьІница догІу дош билгалдаккха.

*Хих веддарг ... кІел иккхина.*

1) берда;
2) хьера;
3) рагІу;
4) тІай.

**5.** ***– Х1айн адам, х1ун адам ду-те хьо? Мел ч1ог1а ц1ела кирчина хьо! Ас хьуна х1ун г1о дан деза?Ца лууш хьо йигахь, ас г1о дийр ду хьуна.***

ХІара дешнаш хІокху илли т1ера ду:

5) Дади-Йурт йаккхаран илли;
6) Нохчийн шира илли;
7) Бабин Иэсин, ворх1 вешин йишин илли;
8) Ваша воцчу Сайлахин илли.

**6. Диалог олу:**

5) цхьамма дечу къамелах;
6) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
7) дуьйцуш волчуьнга ладогІарх;
8) шен къамелехь масалш далорах.

**7.** ***– Рема йиги алахьа г1алмакхойн инарле,***
***И Дела ша воцург, шеца накъост воцуш,***
***Ша цхьалха ву алахьа цхьа нохчийн жима к1ант.***

ХІара дешнаш хІокху илли т1ера ду:

1) Бабин Иэсин, ворх1 вешин йишин илли;
2) Нохчийн шира илли;
3) Ваша воцчу Сайлахин илли;
4) Дади-Юрт йаккхаран илли.

**8. «Бабин Иэсин, ворх1 вешин йишин илли», «Нохчийн шира илли».**
Х1ара произведенеш кхоьллина:
1) халкъо;
2) Мусаев Мохьмада;
3) Исмаилов Абус;
4) Саидов Билала;

**9. «Бабин Иэсин, ворх1 вешин йишин илли» т1ехь йо1а дехар динера:**
5) гуьржийн к1анте;
6) Бабин Иэсе;
7) аренца лелачу к1анте;
8) тилвеллачу к1анте.

**10. Монолог олу:**
1) цхьамма дечу къамелах;
2) шимма дечу къамелах;
3) кхаамма дечу къамелах;
4) дуккха а адамаша дечу къамелах.

**Вариант 11**

**2. Нохчийн халкъан барта кхолларалин жанраш йу:**
1) очеркаш, дийцарш;
2) стихаш, поэмаш;
3) иллеш, кицанаш;
4) повесташ, романаш.

**2. Къамелехь дуьйцуш долу цхьа х1ума вукхуьнца дустуш далочу говзачу дешнех олу:**
1) эпитет;
2) дерзор;
3) дустар;
4) метафора.

**3. Даима йууш, цкъа а ца йузуш.**
ХIокху хIетал-металан нийса жоп билгалдаккха:
1) кхаба;
2) хьер;
3) урчакх;
4) цергаш.

**4. ХIокху кицанехь тIадамийн метта маьIница догIу дош билгалдаккха.**

***Нехан динара … вуссу.***
1) хоттала;
2) уьйтIа;
3) уьшала;
4) лайла.

**5.** ***Буьйсанна болийна т1ом 1уьйренга белира, тов,***
***Вовшашна хала т1ом бахбала буьйлира, тов,***
***Молханан к1уьрана мархаш х1итта йуьйлира, тов,***
***Ша доха дуьйлира, тов, цу элийн ва орца.***
ХIара дешнаш хIокху илли т1ера ду:
1) Бабин Иэсин, ворх1 вешин йишин илли;
2) Нохчийн шира илли;
3) Ваша воцчу Сайлахин илли;
4) Дади-ЙУрт йаккхаран илли.

**6. Диалог олу:**
5) цхьамма дечу къамелах;
6) шина (йа масех) стага дечу къамелах;
7) дуьйцуш волчуьнга ладогIарх;
8) шен къамелехь масалш далорах.

**7.** ***«Хьалахьаьжча вайна го и сийна стигланаш,***
***Ц1ен деши ва хилла, езачун елара,***
***Цкъа б1аьриг ва тоха, шеен езар ва гина.***
ХIара дешнаш хIокху илли т1ера ду:
1) Бабин Иэсин, ворх1 вешин йишин илли;
2) Нохчийн шира илли;
3) Ваша воцчу Сайлахин илли;
4) Дади-ЙУрт йаккхаран илли.

**8. «Дади-ЙУрт йаккхаран илли», «Ваша воцчу Сайлахин илли».** Х1ара произведенеш кхоьллина:
1) Саидов Билала;
2. Мусаев Мохьмада;
3. Исмаилов Абус;
4) халкъо.

**9. –** ***Ма доккха де ду-кха таханлера де дикачу к1енташна…»*** **«Дади-ЙУрт йаккхаран илли» т1ера хара дешнаш аьлла:**
9) Бах1адаран Муьстарга;
10) Дадин Аьлбикас;
11) Гуьржехара инарлас;
12) к1ант винчу нанас.

**10. Монолог олу:**

1) цхьамма дечу къамелах;
2) шимма дечу къамелах;
3) кхаамма дечу къамелах;
4) дуккха а адамаша дечу къамелах.

**Тест №2.**

**1-ра вариант**

**1. «МухIажарш» произведени тIехь Коьра Хонкара дIаваха новкъаваларан хIун бахьана дара?**

а) Цигара меттигаш ган лаьара Коьрина.
б) Дас аьлларг ца дича ца волура иза.
в) Коьра цига болх бан воьдуш вара.

**2. «Болат-гIала йожар» произведени тIехь берашна хIунда дихкина дара йуьртах шаьш довлар?**

а) Уьш тиладаларна кхоьрура.
б) Х1етахь хан кхераме йара.
в) Уьш вовшашца къийсалора.

**3. – Хьаштдоцург ду ахьа лелориг, Напсат. –** хьенан къамел ду**?**

а) Биц1игин.
б) Несарсолтин.
в) Сайд1алин.

**4. Шен «Берзан бекхам» цIе йолчу произведенехь Мамакаев Iаьрбис гайтина:**

а) адаман къизалла.
б) халкъ махках даккхар.
в) къинхетаме хилар.

***5. «Дов дерзадо цо, дов доккху,***
***ЙА хьагI йуллу, хьагI дIайоккху.***
***Кийра цIе цо латайо,***
***Кийра ша цо хIоттабо!»***
**Муьлхачу произведенера ду хIара могIанаш?**

а) «Деган аз».
б) «Дош».
в) «Дарц».

**6. Произведени дIайолалуш далийначу, цуьнан коьрта маьIна шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу:**

а) долор.
б) кица.
в) эпиграф.

**7. «*Даймехкан косташ*» произведенин автор ву:**
а) Арсанукаев Шайхи.
б) Рашидов Шаид.
в) Мамакаве Мохьмад.

**8. Адам аьчк-некъайистехь Iаш долу мел хан йара?**
а) цхьа бутт сов.
б) ши к1ира.
в) кхо-диъ де.

***9. «Сайн ден дакъа,цIе-кIур доцуш***
***Ца дисийта,йукъ йихкина,***
***Iазап хьоьгу лай хуьлучул,***
***Летта вала резахилла».***
**Муьлхачу произведенера ду хIара могIанаш?**
а) «Шуьнехь дош».
б) «Нохчо ву со».
в) «Берзан бекхам».

**10. Исбаьхьаллин произведенешкахь адамийн амал а, дахар а гайтаран кепах олу:**
а) автограф;
б) васт;
в) жанр;

**Вариант 11**

**1. «Напсат» произведени тIехь коьрта турпалхо шен гергарчу нахах къаьстаран хIун бахьана дара?**
а) Г1ала йаханчохь тилаеллера.
б) Новкъахь вагон т1ера охьайоьссинера.
в) Шен к1ентий болчу йоьдуш хиллера.

**2. Нажий, Цицкий Iинах чукхоьссича, Мокхаз резавоцуш хIунда вара?**
а) Цу шиннах къахийтира цунна.
б) Мокхазан доттаг1ий бара уьш.
в) И шиъ вохка лаьара цунна.

**3. – 1941-гIа шо чекхдолуш, Iай, дукха чIогIа а, лерина а кечйина, окопашний, блиндажашний чудирзира тхо. –** хьенан къамел ду**?**

а) Идрисов Абухьаьжин.

б) Мальсагов Джигирханан.

в) Нурадилов Ханпашин.

**4. Шен «Хьайбахахь йазйина байташ» цIе йолчу произведенехь Бисултанов Аптис гайтина:**

а) къонахчун билгалонаш.

б) халкъ махках даккхар.

в) доттаг1алла ч1аг1далар.

***5. «Хьоза, пелаг санна, даьхьна,***
***Раг1ун тхов к1ел кхоьссина.***
***Ч1ег1аг д1огахь, кхор т1е хиъна,***
***Мох тилехьа лечкъина.»***

**Муьлхачу произведенера ду хIара могIанаш?**

а) «Дош».

б) «Зов».

в) «Дарц».

**6. Произведени дIайолалуш далийначу, цуьнан коьрта маьIна шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу:**

а) эпиграф.

б) кица.

в) долор.

***7. «Терзан т1е ца дуьллу***
***Цо деший, даьхний,***
***Халонехь хадочохь***
***Хьуьнаран мах».***

**Муьлхачу произведенера ду хIара могIанаш?**

а) «Даймехкан косташ».

б) «Деган аз».

в) «Шуьнехь дош».

**8. Iаьлбага шена елла говр схьаэца реза хIунда вацара Коьра?**

а) 1аьлбаган да реза хир вацара.

б) Дукха безачу механ совг1ат дара иза.

в) Коьра поезд т1ехь ваха везара.

**9. «*Шуьнехь дош*» произведенин автор ву:**

а) Мамакаев 1аьрби.

б) Шайхиев 1алвади.

в) Сулейманов Ахьмад.

**10. ХIума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучу суртхIотточу гIирсах олу:**

а) пейзаж.

б) аллегори.

в) эпитет.

**8 класс**

**Тест № 1**

**Вариант 1**

**1. Муьлхачу произведенин йукъара ду х1ара мог1анаш?**

**«ЙУха а мостаг1ий**
**Берзийна готте,**
**ЙУха а къевли д1а**
**Хадийна гуо.**

**Баьччалла т1еэц**
**Анас д1ах1оьтти**
**Мехкан тур ду х1инца**
**Даьккхинарг цо!..»**

1) «Дег1аста»;
2) «Лаьмнийн дийцар»;
3) «Тимуран тур»;
4) «Къоьзана».

**2. Нохчийн поэзехь дуьххьара г1улчаш йаьхнарг ву:**

1) Дудаев 1абди;
2) Сальмурзаев Мохьмад;
3) Мамакаев 1аьрби;
4) Айсханов Шамсудди.

**3. Нохчийн халкъан иллеш муьлхачу жанрана йукъадог1у:**

1) проза;

2) поэзии;

3) драматурги;

4) барта кхолларалла.

**4. Х1окху дешнийн автор ву:**

*«…нохчийн фольклор 1амор, аьттехьа а меттигера маь1на долуш хилла ца 1а. Цкъацкъа нохчийн фольклоран масех дашехь дуккха а эзарнаш шерийн геннара аьзнаш хеза.»*

1) Пушкин А.С.;

2) ЙАковлев
3) Услар П.К.;
4) Семенов Л.П.

**5. Кхаа дешдекъах лаьтташ стопа а йолуш, тохар (ударный слог) хьалхарчу дешдекъана т1ехь делахь, иза йу:**
1) йамб;
2) анапест;
3) дактиль;
4) хорей.

**6. Муьлхачу произведенин т1ера ду х1ара мог1анаш:**

*«-Новкъахь д1ахьаьжча гира сунна далош йийсарш. Доккха х1ума а ду х1ара-м, кхечара вайга схьаккхуьйлу, вайчара Турце ккхуьйлу йийсарш!»*

1) С. Бадуев *«1адат»*
2) 1. Гайсултанов *«Болат-г1ала йожар»*
3) Х. Ошаев «*Иччархо Абухьаьжа Идрисов»*
4) С. ЙАшуркаев *«Напсат»*

**7. Муьлхачу шарахь арадала доладелла, «Серло» ц1е а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газет?**
1) 1923;
2) 1925;
3) 1934;
4) 1922.

**8. «*Ненан б1аьрхиш»* поэма йазйина:**
1) Абузар Айдамировс;
2) Хьасан Сайдулаевс;
3) Сайд-Хьусайн Нунуевс;
4) Хьамзат Саракаевс.

**9. Ш. Арсонукаевн «Тимуран тур» поэми т1ехь толам къовсуш леттарг мила ву?**
1) Борзаб1аьрг;
2) Чаку
3) Бахьадур;
4) Бахьаг.

**Вариант 11**

**1. «Къоьзана» поэмин автор ву:**
1) Муса Ахмадов;
2) 1арби Мамакаев

3) Мохьмад Мамакаев;

4) ЙАмлихан Хасбулатов.

**2.Сулейманов Ахьмадан муьлхачу поэми т1ера ду х1ара дешнаш:**

*К1ентан йаххьий, йоь1ан Эххьий ма гойла д1адаьлла де.*

*Кхана уьш д1адовлуш делахь, ца вехаш со тахна ле…*

1) «Дог дохден ц1е»;

2) «Дахаран генаш»;

3) «Лойша сунна»;

4) «Ц1ен книга»я 1еса поэма».

**3. Нохчийн гоьйаьллачу поэтессас Анзорова Балкана йазйина:**

1) «Нохчийчоь – сан маьрша ага»;

2) «Безаман декхар»;

3) «Деган аз»;

4) «Б1аьвнаш».

**4. Муьлхачу авторан, муьлхачу произведенин т1ера ду х1ара дешнаш:**

«…И даь1ахкаш – шовзткъе доьалг1ачу шарахь Казахстанехь кхелхинчу кхуьнан доьзалан йара, шен махкахь д1айохка ц1а йахьаш…

Да, нана, зуда, к1ант,йо1».

1) 1. Дадашевн «Дайна бер»;

2) С. ЙАшуркаевн «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх»;

3) С.-Хь. Нунуевн «Лазийна шовда»;

4) М. Ахмадовн «Мохк бегийча».

**5.** ***«Х1усамнанас х1ар а ши хьаша т1еэцна, тоьхна кхарна уьстаг1 а бийна, шорт а даа а, мала а шун х1оттош. Цул т1аьхьа, кхана чарх а елла, д1авохуьйтур ву шуьша аьлла, охьавижийна…».***

Муьлхачу туьйранна т1ера ду и дешнаш:

1) «Ч1инг1аз»;

2) «Хьекъал долу йо1»;

3) «Астаг1а Тимар»;

4) «Мискачу стеган к1ант».

**6. Муьлхачу илли т1ехь массо а цхьаьна гайтина ву, Вайн халкъан турпалхой:**

***Мадин Жаьммирза, Таймин Биболат, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтула, Бaьччин Элмарза.***

1) «Аьккхин Жанхотан илли»;

2) «Чеченарчу Мадин Жаьммирзан илли»;

3) «Жумин Акхтулин илли»;

4) «Эла Муслстан, Адин Сурхон илли».

**7. Муьлхачу поизведенин турналхой бу х1орш:**

***Муц1а, 1ума, хьалдолу Куьйра, къехо Кана.***

1) «Кхетаме Хьамид»;

2) «Олдам»;

3) «Жа1у»;

4) «Тимуран тур».

**8. Мила ву *«1а»* стихотворенин автор:**

1) Ахьмад Нажаев;

2) Шамсуддин Айсханов;

3) 1абди Дудаев;

4) Саь1ид Бадуев.

**9. *«Ц1еран арц»* повесть т1ехь муьлха турпалхо ву 40 шо хир долуш?**

1) Хонмурд;

2) Кулдевич;

3) Мирза;

4) Элберт.

**Дог1а (клйучи)**

| | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 3 | 1 | 4 | 4 | 3 | 2 | 2 | 2 | 3 | 4 | 2 | 1 | 2 | 2 | 1 | 3 | 2 | 1 |

**Тест 2**

**Вариант I:**

**1. « Сай» стихотворенин автор мила ву?**

1. Гацаев С.; 2) Сулаев М.; 3) Мамакаев 1.

**2. Гацаев Са1ид вина а, д1акхелхина а шереш:**

1)1901-1937 ; 2) 1922-1995 ;

3) 1920-1992; 4)1938-2012

**3. Мила ву дуьххьара нохчийн абат йазйинарг, муьлхачу шарахь арайаьлла иза?**

1) 1862 ш. Досов Къеда; 2) 1870 ш. Эльдаров Таьштмар; 3) 1920 ш. Джамалханов Зайнди.

**4. Нохчийн поэзехь дуьххьара г1улчаш йаьхнарг ву:**

1) Дудаев 1абди; 2) Мамакаев 1аьрби; 3) Сальмурзаев Мохьмад;

**5) Айсханов Шамсудди мил ву**

---

**6. Х1окху дешнийн автор ву:**

**«…нохчийн фольклор 1амор, аьттехьа а меттигера маь1на долуш хилла ца 1а. Цкъацкъа нохчийн фольклоран масех дашехь дуккха а эзарнаш шерийн геннара аьзнаш хеза».**

1) Пушкин А.С.; 2) Яковлев ; 3) Услар П.К.; 4) Семенов Л.П.

**7. Муьлхачу шарахь арадала доладелла, «Серло» ц1е а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газет?**

1) 1923; 2) 1925;
3) 1934; 4) 1922.

**8. 1.-Хь. Хамидовн «Лийрбоцурш» ц1е йолчу турпалаллин драмин коьртачу турпалхочун ц1е йара ...**

1) Шерипов А.; 2) Нурадилов Х.; 3)Мухамед- Мирзоев Хаважи.

**9. Къамелехь адамийн синхаам к1арг а беш , х1ума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучух х1ун олу?**

1) эпитет; 2) эпиграф; 3)эпилог.

**10) Литературин произведенехь исбаьхьчу дешнашца х1оттийначу 1аламан суьртах х1ун олу?**

1) сйужет; 2) кульминаци; 3) пейзаж**.**

**Вариант II:**

**1. Нохчийн литературин бухбиллархо ... ву.**

1) Ахмадов Муса;2 ) Бадуев Саь1ид-Салихь; 3) Гайсултанов 1умар;
4) Нажаев Ахьмад.

**2. Стихашкахь йазйинчу произведенехь ... олу.**

1) баллада; 2) роман; 3) поэма; 4) повесть.

**3. Нажаев Ахьмад вина а, д1акхелхина шераш:**

1)1901-1937 ; 2) 1922-1995 ;
3) 1920-1992; 4)1895-1943;

4. Мамакаев 1аьрби вина йурт:

**1) Элистанжа; 2) Хьалха-Марта; 3)Лаха –Невра.**

**5. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин автор мила ву?**

1)Мамакаев 1.; 2) Бадуев С.; 3) Айсханов Ш.

**6. Х1ун бахьана дара Бадуев С.-С. «Бешто» повестехь Бештога Бусана цайахар?**

1)Бешто Бусанех цавашар; 2)Бештонна Бусанин нах резацахилар; 3)Бештон куралла;

4)Бусанина Бешто цавезар.

**7. «Кавказан латта», «Йо1е», «Даге», «Сайн к1анте», «Нохчийн»-х1окху произведенийн автор ... ву.**

1)Мамакаев Мохьмад; 2) Рашидов Шаид;

3)Мамакаев 1аьрби; 4)Окуев Шима.

**8. Муьлхачу стиховоренера ду х1ара мог1анаш?**

Ц1ен зезаг дасталац гарманан арахь,
Стиглара можа малх хьоьжуш ца хилча.
Ирс долуш хилла вац уьйрех д1атилча,
Даймахках ваьллачун дог хуьлу ирча.

«Кавказан латта»;

1) «Йо1е»; 2) «Даге»

**9. «Г1ирмасолтас йаьккхина са» дийцаран автор мила ву?**

1) Мамакаев 1аьрби; 2) Хамидов 1абдул-Хьамид; 3) Сальмурзаев Мохьмад.

**10. Товсолт, Нурбика, Нурседа, Анна Львовна х1ара романан турпалхой муьлхачу произведени йуккъера бу?**

1) «Нохчийн лаьмнашкахь», 2) « Лаьмнаша ца диццдо», 3)«Абубешар»

## 9 класс

**Тест№1**
**Вариант I:**

**1. Нохчийн халкъан барта кхолларallин жанраш йу:**

1) Пьесаш, повесташ; 3) Кицанаш, туьйранаш;
2) Стихаш, поэмаш, 4) Дийцарш, романаш.

**2. Нохчийн исбаьхьаллин литературин бухбиллархо лору:**

1) Сальмурзаев Мохьмад; 3) Бадуев СаьIид;
2) Мамакаев Мохьмад; 4) Дудаев Iабди.

**3. «Бешто» повестан коьртачу турпалхочун Бештон ненан ц1е йу:**

1) Пет1амат; 3) Рахьимат;
2) Рака1ат; 4) Селахьат.

**4.** ***– Со лаа ма лела, со тара ма лела,***
***Ваша воцчу вешина вошалла доьху ас,***
***Шича воцчу шичина уллохь г1о доьху ас, –***
***Олуш, лен велира, тов, и …***

Лакхара дешнаш х1окху илли т1ера ду:

1) Аьккхийн Жанхотан илли; 3) Къеначу Дадин илли;
2) Чечанарчу Мадин Жаьммирзин илли; 4) Обарг Варин илли.

**5.** ***Кху Теркан куьзган чохь***
***Маьлхан сурт лепа,***
***Тог1е чохь сийна бай,***
***Ховха мотт санна,***
***Бердашца гаьннаш т1ехь***
***Олхазарш дека …***

Лакхара мог1анаш нохчийн поэтан Мамакаев 1аьрбин … стихотворени т1ера ду:

1) Кавказан латта; 3) Даге;
2) Йо1е; 4) Сайн к1анте.

**6. «*Кхетаме Хьамид*» дийцаран автор ву:**

1) Бадуев СаьIид; 3) Айсханов Шамсуддин;
2) Мамакаев Мохьмад; 4) Сальмурзаев Мохьмад.

7***. Ца оьшучохь хьайн корта 1ожална к1ел ма лецалахь, амма толамна оьшучохь и кхоо а ма г1орталахь! Т1аьхьенан ойла т1ех йиначух къонах ца хилла!***

Х1ара дешнаш … произведени т1ера ду:

1) Ц1еран арц;
2) Мало – хало;
3) Лаьмнаша ца диццо;
4) Лийрбоцурш.

**8. Хамидов 1-Хь. «Лийрбоцурш» ц1е йолчу пьеси т1ехь вуьйцу турпалхо ву:**

1) Шерипов Асланбек;
2) Нурадилов Ханпаша;
3) Дачиев Хансолта;
4) Висаитов Мовлади.

9. Х1ума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашцца гойтучу суртх1отточу г1ирсах олу:

1) пейзаж;
2) аллегори;
3) эпитет;
4) олицетворени.

10. Дахарера г1уллакхаш гойтуш, билгалволчу стагах дуьйцуш йолчу жима эпически произведенех олу:

1) новелла;
2) дийцар;
3) поэма;
4) очерк.

**Вариант II:**

**1. Нохчийн халкъан барта кхоллараллин жанраш йу:**

1) дийцарш, статъйаш;
2) стихаш, поэмаш,
3) хIетал-металш, иллеш;
4) пьесаш, романаш.

**2. Нохчийн маттахь 1925-чу шарахь арадаьллачу газетан цIе хилла:**

1) «Седа»;
2) «Серло»;
3) «Совг1ат»;
4) «Сердало».

**3. «Бешто» повестан коьртачу турпалхочун Бусанин ден ц1е йу:**

1) Хизар;
2) Олхазар;
3) Хьамид;
4) Бета.

**4.** ***Хьо дахарх царна***
***Кхаъ хилийта – лоруш,***
***Уьш резахинболчу***
***Некъаца г1олахь,***
***Хьайна вон аьндолчу***

*Дашах ларлолахь.*

**Лакхара мог1анаш нохчийн поэтан Мамакаев 1аьрбин … стихотворени т1ера ду:**

1) Даге;
2) Йо1е;
3) Кавказан латта;
4) Сайн к1анте.

**5. «Мало – хало» дийцаран коьртачу турпалхочун Шабин к1ентан ц1е йу:**

1) Салман;
2) Къайма;
3) Къамил;
4) 1усман.

**6.** ***Хетарехь, ткъех шо бен,***
***К1ентан хир дацара,***
***Куц долуш, оьзда дег1***
***И хилар гуш дара.***

**Х1ара мог1анаш … васт гойтуш ду:**

1) Шах1идан;
2) Бештон;
3) Аслаг1ин;
4) Ч1ирхочун.

**7. «Лаьмнаша ца диццдо» романан турпалхочун Тавсолтин х1усамненан ц1е йу:**

1) Курседа;
2) Нурбика;
3) Нурседа;
4) Курбика.

**8. Нохчийн йоза кхолладаларан хьалхара мур хIокху графикин буха тIехь бу:**

1) кириллицин;
2) латиницин;
3) Iаьрбийн;
4) гуьржийн.

**9. –** ***Хьо вийхира ва соьга цу йуьртан тхьамданаша,***
***Ас вехча велира хьо цу йуьртан тхьамданашна***
***Дег1аха мерза са цара хьайга ва дехахь,***
***Ахь даккхий д1алолахь дег1аха мерза са.***

**Лакхара дешнаш х1окху илли т1ера ду:**

1) Аьккхийн Жанхотан илли;

2) Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли;
3) Эвтархойн Ахьмадан илли;
4) Эла Къахьармин илли.

**10. Адамна санна, садоцчу х1уманна т1едерзош дош аларан исбаьхьаллин кепах олу:**

1) дустар;
2) метафора;
3) олицетворени;
4) композици.

**ДогIа**

| 9-10 балл | 7-8 балл | 5-6 ı | 1-4 балл |
|---|---|---|---|
| **5** | **4** | **3** | **2** |

| **ВарВариант I:** | | Тест 2 | |
|---|---|---|---|
| 1 | 3 | 1 | 3 |
| 2 | 3 | 2 | 2 |
| 3 | 2 | 3 | 1 |
| 4 | 1 | 4 | 1 |
| 5 | 2 | 5 | 4 |
| 6 | 4 | 6 | 3 |
| 7 | 3 | 7 | 2 |
| 8 | 2 | 8 | 3 |
| 9 | 3 | 9 | 2 |
| 10 | 4 | 10 | 3 |

**Тест № 2**

**Вариант I:**

**1. Хьан йазйина поэма «Кхоллам»?**

а) 1аьрби Мамакаевс; б)Билал Саидовс; в) Шайхи Арсанукаевс; г)Джамалдин ЙАндиевс.

**2. 1аьрби Мамакаев вина:**

а) 1913 шарахь; б) 1918 шарахь; в) 1920 шарахь; г) 1917 шарахь.

**3. Стихийн чаккхенашкахь цхьана кепара декачу аьзнех олу:**

а) хорей; б) рифма; в) йамб; г) дактиль.

**4. Хьенан йу «Даггара» ц1е йолу стихотворенийн сборник?**

а) Ошаев Хамидан; б) Сулаев Мохьмадан;
в) Муталибов Зайндин; г) Ахматова Раисин.

**5. Хьан гочйина г1араваьллачу оьрсийн классикан М.Ю.Лермонтовн «Измайл-Бей» поэма?**

а) Хамидов 1абдул-Хьамида; б) Мохьмад Мамакаевс;
в) 1умар Гайсултановс; г) Эдилов Хасмохьмада.

**6. Лиро-эпически хормехь йазйина дукхахьолахь хуьлу:**

а) дийцарш; б) поэмаш;
в) повесташ; г) романаш.

**7. Хьан йазйина повесть «Велларг денвар»?**

а) Нажаев Ахьмада; б) Шамсуддин Айсхановс;
в) Сулаев Мохьмада; г) Дудаев 1абдис.

**Вариант II:**

**1. Стихотворенин «Гуьйренан зезаг» автор мила ву?**

а) Раиса Ахматова; б) Билал Саидов; в) Гадаев Мохьмад – Салахь.

**2. Эдилов Хасмагомед вина:**

а) 1922 шарахь; б) 1821 шарахь; в) 1932 шарахь.

**3. Поэма «Сийлаха» йара Эдилов Хасмагомедан:**

а) кхоалг1а поэма; б) дуьххьарлера поэма; в) уьтталг1а поэма.

**4. Поэма йу:**

а) прозехь йазйина говзар; б) стихашца йазйина йоккха произведени; в) 3-4 байтехь льатта произведени.

**5. Нохчийн маттахь дуьххьара арадаьлла газет:**

а) «Къинхьегамхо»; б) «Серло»; в) «Даймохк»; г) «Нийсо».

**6. Хьан йазйина поэма «Жа1у»?**

а) Сальмурзаевс М.С.; б) Аисхановс Ш.К.; в) Нажаевс А.И.; г) Дудаевс 1.Д.

**7. «Къоьлла тоьлла, х1усам йоьхна», - муьлха поэма йолало оцу дешнашца?**

а) «Сийлаха»; б) «Жа1у»; в) «К1айн котам».